**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI**
**XALQ TA'LIMI**
**VAZIRLIGI**

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ**
**XALÍQ BILIMLENDIRIW**
**MINISTRLIGI**

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«19» август 2021-y. № 03-04/02-3734 «_____»-__________ 2021-j.

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Ǵaznashılıq basqarmasına**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 24-maydağı 01-07-01-8-sanlı bayanlamasında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın támiyinlew, 2021-jılǵı jaz máwsiminde "Mehribanlıq úyi" tárbiyalanıwshıların, bağıwshısın joǵaltqan hámde kem támiyinlengen shańaraqlardıń balaların dem alıw hám sawallandırıw oraylarına jiberiw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2021-jıl 5-iyul sánesinde 392-sanlı Prezidium qararı qabıl etilgen edi.

Usı qarar tiykarında ministrliktiń byudjetten tısqarı esap betine 2021-jıl jaz máwsiminde joqarıdaǵı qarar menen belgilep berilgen shańaraq balaların dem alıw hám sawallandırıw oraylarına jiberiw ushın Qaraqalpaqstan Respublikası "Saqawat hám kómek" qorı esabınan qarjı ajıratılǵan edi.

"Mehribanlıq úyi" tárbiyalanıwshıları, bağıwshısın joǵaltqan hám de kem támiiyinlengen shanaraqlardıń balaların dem alıw hám sawallandırıw oraylarına jiberiwdi shólkemlestiriw maqsetinde 1-, 2-, 3-, 4-topar jollamaları óz waqtında Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 27-sentyabrdegi "Ózbekstan Respublikasınıń "Mámleketlik sawdalar haqqında"ǵı Nızamın ámelge asırıw is-ilajları tuwralı" PQ-3953-sanlı qararınıń 20-bánti tiykarında 2021-jıl 23-iyul sánesine shekem tuwrıdan tuwrı shártnamalar dúzilip tiyisli qarjılar ótkerilip berildi.

2021-jıl 30-iyul sánesinde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 473-sanlı qararı qabıl etilip, bul qararǵa muwapıq sawallandırıw oraylarında dem alıw jollaması ushın dúziletuǵın shártnamalar Ózbekstan Respublikası Ekonomikalıq rawajlandırıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi janındaǵı «Joybarlar hám import kontraktların kompleks ekspertizalaw orayı» mámleketlik unitar kárxanasında ekspertizadan ótkeriliwi belgilendi.

Joqarıda aytıp ótilgen qarar menen ministrlik tárepinen sawallandırıw oraylarında 5-topar gezeginde dem alǵan Mehribanlıq úyi" tárbiyalanıwshıları, bağıwshısın joǵaltqan hámde kem támiiyinlengen shanaraqlardıń balaları ushın dúzilgen shártnamalardı ekspertizadan ótkeriw maqsetinde kórsetilgen elektron mánzilge jiberilgende bul shártnamalarǵa ekspertiza zárúr emesligi málim boldı.

Sonlıqtan Sizden sawallandırıw oraylarında 5-topar gezeginde dem alǵan Mehribanlıq úyi" tárbiyalanıwshıları, bağıwshısın joǵaltqan hámde kem támiyinlengen shanaraqlardıń balaları ushın dúzilgen qosımshadaǵı kestede keltirilgen shártnamalardı tuwrıdan tuwrı ótkeriwde ámeliy járdem beriwińizdi soraymız.

**Ministr orınbasarı** **Sh.Tadjimuratov**

Tayarlaǵan:G.Bekmuratova
tel:222-24-26

**5 -gezek sawallandırıw orayları shartnamaları**

| | Sawallandırıw orayları | shartnama nomeri, sa'nesi | бала саны | жоллама бахасы | жами сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | "Lochin" orayı | №17 12.08.2021 | 103 | 700 000 | 72 100 000 |
| 2 | "Aydın jol" | №13 12.08.2021 | 66 | 600 000 | 39 600 000 |
| 3 | "Aral" orayı | №18 12.08.2021 | 50 | 556 000 | 27 800 000 |
| 4 | "Aq keme" orayı | №14 12.08.2021 | 150 | 1 500 000 | 225 000 000 |
| 5 | "Turan" orayı | №15 12.08.2021 | 61 | 552 800 | 33 720 800 |
| 6 | "Orol bolalari" | №16 12.08.2021 | 116 | 800 000 | 92 800 000 |
| | ja'mi | | | | 491 020 800 |